

MEMORANDÒM

POU : Komite Skolè a

SOT NAN MEN : Chèf Neva Coakley Grice, Sèvis Sekirite/Chèf Pwovizwa pou Afè Sipò Elèv

KOPI POU : Sipèentandan Brenda Cassellius
Chèf Kabinè Mary Dillman
Konseyè Prensipal Megan Costello

DAT : 7 janvyè, 2022

OSIJÈ : Prezantasyon Komite Skolè a sou Sèvis Sekirite Lekòl Piblik Boston, 12 janvyè, 2022

Misyon Sèvis Sekirite Lekòl Piblik Boston yo se founi yon resous siplemantè kòt a kòt ak Depatman Polis Boston an, nan fason l reponn a divès ti ofans minè ki rive andedan e ozalantou bilding ak enstalasyon lekòl yo.

Prezantasyon sa a espere kominike yon vizyon stratejik pou rekonsantre resous depatman an pou apiye founisman divès sèvis kritik bay Kominote Skolè Boston an e pou ilistre ke divès refòm va arive fèt atravè yon chanjman nan filosofi, rezònman inovatris, lidèchip vizyonè, manm pèsònèl investisman, plan relèv, efikasite nan deplwaman ak devlopman divès pozisyon pou ogmante kapasite.

Prezantasyon sa a souliye wòl valè Sèvis Sekirite Lekòl Piblik Boston yo jwe nan rediksyon ensidans vyolans nan lekòl vil la, e li ofri divès zouti angajman kominotè dirab kreyatif pou rezolisyon pwoblèm, prevansyon, ak patenarya.